

Chè paran oswa responsab,

Pitit ou a pral fè yon tès vizyon nan dat \_\_\_\_\_, se Ekip DOHMH Vision Screening Team k ap fè l.

Yon doktè je ka pa disponib nan lekòl la jou sa a pou fè yon egzamen konplè. Sepandan, pitit ou a ap ka chwazi yon monti apwopriye pou li si li pa pase tès vizyon an. Linèt yo gratis epi se pwogram lan ki bay yo. Si yon doktè je disponib, lekòl la ap voye yon Fòm konsantman pasif avan dat ki pi wo a.

Si pitit ou a pa pase tès vizyon an epi yon doktè je pa disponib, n ap ba w Fòm rapò sou je ak fòm rekòmandasyon (Eye Report and Recommendations Form (E12s) la ak yon feyè ki gen plis enfòmasyon sou pwoblèm vizyon yo. Pou pitit ou a ka resevwa linèt gratis sa yo, ou dwe fè doktè je w la ranpli fòm E12s a epi voye l tounen.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Avèk senserite,

*Thomas Phelan*

Thomas Phelan, Direktè  
School Health Vision Programs

Me 2024